


BAB III MÉTODELOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Gambar 3.1

Lokasi Objék Panalungtikan



Sumber: Wikimapia.org jeung Wangunsari - Google Maps

Lokasi ieu panalungtikan téh pernahna di Désa Wangunsari, Kecamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat. Sacara topografis Désa Wangunsari kaasup daérah dataran luhur. Suhu alamna aya dina kaayaan anu tiis, komo dina usum halodo. Alamna masih kénéh asri teu kapangaruhan polusi kota jeung industri.

Pakasaban masarakat Désa Wangunsari, lolobana nya éta patani jeung ngingu ingon-ingon, di antarana sapi peres. Tapi aya ogé PNS, wiraswasta, jeung karyawan. Masarakat Désa Wangunsari bisa disebut ogé masarakat agraris tradisional, lantaran daérahna mangrupa daérah lahan tatanén jeung kebon anu can make téhnologi alus.

Muhammad Iqbal, 2014

FOLKLOR PENCA SILAT DI PAGURON MEKAR PATALI WARGI (MPW) DÉSA WANGUNSARI KECAMATAN LEMBAANG KABUPATEN BANDUNG BARAT : Kajian Atikan Karakter

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.1.2 Subjék Panalungtikan

Anu jadi subjék panalungtikan nya éta paguron penca silat MPW, nu pernahna nya éta di Desa Wangunsari, Kecamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat. Ieu paguron téh, lain hiji-hijina paguron nu aya di Bandung Barat, aya ogé Tadjimaléla, Gajah Putih, jrrd.

Paguron penca silat MPW, mangrupa salah sahiji paguron penca silat nu kasohor di Bandung Barat ku sabab prestasina di bidang *Pencak Silat Olahraga*. Salian ti éta, ieu paguron téh salah sahiji paguron anu ngamekarkeun, ngamumulé jeung ngalarapkeun *Ibing Pencak Silat Seni* salaku media traformasi budaya, utamana budaya Sunda di daérah Bandung Barat.

Gambar 3.2

Lambang Paguron Penca Silat




MPW

Sumber: Paguron Penca Silat MPW


Kiwari struktur pangurus paguron penca silat MPW téh saperti ieu di handap.

Gambar 3.3
Struktur Paguron Penca Silat MPW



3.2 Desain Panalungtikan

Gambar 3.4
Desain Panalungtikan



3.3 Métode Panalungtikan

Métode dina wangenan anu leuwih jembar, dianggap cara maham réalitas, jeung léngkah-léngkah sistematis pikeun nganalisis runtuyan sabab-akibat. Salaku alat, métode miboga pungsi pikeun ngabasajankeun hiji hal sangkan leuwih babari ditalungtik jeung dicangkem.

Sakumaha nu diterangkeun, yén métode téh salaku alat, dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif anu sifatna téntatif, jeung bisa mekar atawa bisa jadi diganti sabada turun ka lapangan. Ku sabab sifatna tentatif, mangka masalah nu dibawana ogé sifatna tentatif. Sedengkeun dina perkara téori, panalungtikan kualitatif sifatna nimukeun téori, lain nguji téori atawa hipotésis saperti dina panalungtikan kuantitatif.

Métode mangrupa cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, dumasar kana tujuan nu hayang dihontal. Ku kituna, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta métode déskriptif.

Sacara sistemik, ieu métode aya dina wangun kekecapan jeung basa-basa dina salah sahiji kontéks anu alamiah, nu satuluyna ngamangpaatkeun sababaraha métode alamiah. Dina enas-enasna mah panalungtikan déskriptif téh nya éta teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan, atawa teu meunangkeun harti nu lega. Ieu métode téh ngagunakeun panalungtikan survéy langsung ka lapangan.

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun folklor lisan jeung ajén-inajén karakter anu aya di paguron penca silat kalawan méréélé tur jéntré.

3.4 Wangenan Operasional

Aya sababaraha istilah nu patali jeung panalungtikan anu perlu dijéntrékeun sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir. Ieu judul panalungtikan téh, nya éta “Folklor Lisan di Paguron Penca Silat Mekar Patali Warga (MPW) di Désa Wangunsari Kecamatan Lembang Kabupatén Bandung Barat (*Kajian Pendidikan Karakter*)”. Dina éta judul dipedar wangenan operasionalna.

- 1) Folklor lisan, nya éta folklor anu wangunna masih murni lisan, saperti basa rayat, puisi rayat, carita rayat, ungkara tradisional, jrrd.
- 2) Paguron, nya éta padepokan atawa paguruan tempat ngajarkeun élmu béladiri penca silat.

- 3) Penca silat, nya éta olahraga *bela diri* nu ngagunakeun karikatan jeung kapinteran dina ngagerakkeun awak nu dipapaésan ku kasenian saperti tatabeuhan kendang penca, sarta miboga ajén-inajén anu raket patalina jeung watek, ahlak, atawa sipat (karakter).
- 4) Mekar Patali Wargi, nya éta salah sahiji paguron penca silat tradisional nu aya di Désa Wangunsari, Kecamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat.
- 5) Pendidikan Karakter, nya éta usaha atawa tarékah pikeun ngawangun watek, sipat, atawa ahlak hadé, kalayan prosés anu tuluy tinuluy, sangkan jadi ciri idéntitas nu dipiharep ku diri, masarakat, bangsa, jeung nagara.

3.5 Intrumén Panalungtikan

Kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku instrumen nu digunakeun. Ari anu dimaksud instrumen panalungtikan téh, nya éta sakabéh alat atawa cara nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Ku kituna, alat nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta kaméra digital jeung padoman wawancara.

1) Kaméra Digital

Ieu kaméra digital téh digunakeun pikeun ngahasilkeun gambar dina prosés panalungtikan nu bisa jadi dokuméntasi pikeun data panalungtikan, saperti poto jeung *video* rékaman wawancara

2) Padoman Wawancara

Padoman wawancara téh digunakeun pikeun patokan nu eusina mangrupa daptar pertanyaan nu patali jeung masalah panalungtikan. Padoman wawancara mangrupa gurat badag tina pertanyaan di lapangan, ku sabab dina prakna mah bisa leuwih ngalegaan. Pikeun nyiptakeun suasana leuwih lugina, ieu pertanyaan téh henteu merekpek atawa tutuluyan, tapi awor ngahiji dina obrolan nu hampang.

Tabél 3.1
Data Informan

No.	Wasta	Padumukan	Umur	Pakasaban	Atikan
1	Cucu Sukandi	Wangunsari Lembang	55	Patani	SD
2	Asep Saepul Dani	Wangunsari Lembang	26	Karyawan Bank	S1
3	Adiwanto	Wangunsari Lembang	24	Mahasiswa	SMA
4	Irna	Wangunsari Lembang	16	Pelajar	SMK
5	Intan	Wangunsari Lembang	14	Pelajar	SMP
6	Septi	Wangunsari Lembang	14	Pelajar	SMP

Cucu Sukandi atawa sok disebut Abah Ucu kalungguhanna nya éta salaku Guru Besar paguron penca silat MPW. Asep Saepul Dani atawa sok disebut Kang Dani kalungguhanna nya éta salaku Pelatih paguron penca silat MPW. Adiwanto, Irna, Intan, jeung Septi nya éta murid atawa anggota paguron penca silat MPW sakaligus atlét penca silat préstasi ti paguron penca silat MPW nu pernah boga préstasi hadé.

Tabél 3.2
Padoman Wawancara

No	Indikator	Matéri nu diobsérvasi	Pertanyaan nu dimekarkeun
1.	Folklor	a. Lisan	<ul style="list-style-type: none"> • Naon waé istilah (pikeun guru atawa pelatih) nu digunakeun di paguron penca silat MPW? • Naon jujuluk atawa landihan pikeun murid nu digunakuen di paguron penca silat MPW? • Naon slogan atawa jargon paguron penca silat MPW? • Di paguron penca silat MPW aya samodel janji satia paguron teu? Kumaha <i>teks-na</i>? • Aya teu babasan atawa paribasa anu sok digunakeun di ieu paguron, pikeun nyumangetan atawa ngawangun karakter hadé? • Kumaha carita sajarah ngadegna paguron penca silat MPW? • Iraha ngadegna paguron penca silat MPW téh? • Saha nu ngadegkeunna? • Naon kasang tukang diadegkeunna paguron penca silat MPW? • Naha bet dingaranan Mekar Patali Wargi? • Aya teu carita pangalaman <i>pesilat</i> paguron penca silat MPW nu teu asup di akal waktu tanding atawa dina kahirupan sapopoé? Lamun aya kumaha caritana? • Di paguron penca silat MPW aya <i>mars</i>, <i>hymne</i> atawa nyanyian pikeun nyumangetan henteu? Lamun aya kumaha <i>teks-na</i>?
		b. Lain lisan	<ul style="list-style-type: none"> • Aya katangtuan teu dina pakéan nu husus di paguron penca silat MPW? Lamun aya kumaha?

			<ul style="list-style-type: none"> • Kumaha pakéan murid paguron penca silat MPW waktu latihan? • Kumaha pakéan murid paguron penca silat MPW waktu tanding? • Kumaha pakéan murid paguron penca silat MPW waktu pagelaran? • Di paguron penca silat MPW aya beubeur nu nyirikeun status tingkatan teu? Saperti kumaha? • Peralatan jeung perlengkapan naon waé nu digunakeun waktu latihan? • Peralatan jeung perlengkapan naon waé nu digunakeun waktu tanding? • Peralatan jeung perlengkapan naon waé nu digunakeun waktu pagelaran?
			<ul style="list-style-type: none"> • Kumaha ciri has salam atawa sikep panghormatan di paguron MPW? • Isarat sora kumaha waé nu dipaké waktu latihan? • Isarat sora kumaha waé nu dipaké waktu tanding? • Kumaha <i>gesture</i> pikeun nyontoan latihan gerakan ka murid?
		c. Campuran	<ul style="list-style-type: none"> • Di paguron penca silat MPW aya pepakem atawa aturan nu teu meunang dirempak teu? Saperti kumaha?
			<ul style="list-style-type: none"> • Di Paguron penca silat MPW aya tradisi nu boga maksud nu tangtu saperti upacara husus teu? Jiga kumaha? • Di paguron penca silat MPW aya sisitem ngubaran nu tradisional teu pikeun murid nu cilaka atawa misalah? Saperti kumaha?
2.	Penca silat	a. Aspék étik	<ul style="list-style-type: none"> • Kumaha étikana murid ka guru, guru ka murid, murid ka murid, guru ka guru di paguron penca silat MPW? • Kumaha cara nerapkeun kadisiplinan di paguron penca silat MPW? • Kumaha étikana waktu tanding atawa aya teu kodeu étik <i>pesilat</i> di paguron penca silat MPW? • Kumaha étikana waktu latihan? • Kumaha étika dina muka jeung nutup latihan?
		b. Aspék téknik	<ul style="list-style-type: none"> • Naon waé kagiatan di paguron penca silat MPW?

			<ul style="list-style-type: none"> • Kumaha klasifikasi tingkatan murid di paguron penca silat MPW? • Kumaha alur kaderisasi di paguron penca silat MPW? • Penca silat naon nu diajarkeun di paguron penca silat MPW téh? • Di paguron penca silat MPW ngajarkeun penca silat buhun teu? Saperti élmu kanuragan? • Kumaha kurikulum latihan di paguron penca silat MPW?
		c. Aspék éstétik	<ul style="list-style-type: none"> • Naha paguron penca silat MPW ancrub kana widang penca silat seni? • Naon waé kagiatan paguron penca silat MPW dina widang seni?
		d. Aspék atlétik	<ul style="list-style-type: none"> • Naon waé nu dilatihkeun di paguron penca silat MPW? • Naon waé kompetisi nu pernah diiluan ku paguron penca silat MPW? Kumaha préstasina?
3.	Pendidikan karakter	a. Pembinaan	<ul style="list-style-type: none"> • Kumaha cara ngabina méntal anggota di paguron penca silat MPW, sangkan disiplin jeung boga mental juara? • Kumaha cara numuwuhkeun rasa <i>percaya diri pesilat</i> waktu tanding atawa latihan di paguron penca silat MPW? • Kumaha bentuk atikan paguron penca silat MPW dina ngawangun karakter murid? • Kumaha bentuk aplikasina di masarakat, karakter anu diwangun tina atikan paguron penca silat MPW? • Kumaha narékahan watek atawa karakter <i>pesilat</i> nu béda-béda di paguron penca silat MPW?
		b. Ajén-Inajén	<ul style="list-style-type: none"> • Karakter naon wae nu jadi udagan paguron penca silat MPW dina ngatik murid atawa anggotana? • Hal naon waé anu bisa ngawangun karakter hadé nu kudu dicangking murid? • Wejangan naon atawa papatah naon nu sok dibikeun waktu latihan atawa tanding?

Tabél diropéa tina disertasi Isnéndés

Muhammad Iqbal, 2014

FOLKLOR PENCA SILAT DI PAGURON MEKAR PATALI WARGI (MPW) DÉSA WANGUNSARI KECAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT : Kajian Atikan Karakter

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data digunakeun sababaraha téhnik, nya éta téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

- 1) Téhnik obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan sajarah, kamekaran, folklor lisan, sarta ajén karakter di paguron penca silat MPW.
- 2) Téhnik wawancara digunakeun pikeun nyangking data langsung ti informan nu apal kana ajén-inajén dina penca silat, sangkan data-data anu kacangking téh bener-bener akurat. Ieu téhnik téh, salah sahiji bagéan anu penting dina unggal survéy.
- 3) Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanna panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon waé nu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir. Lian ti éta, bisa jadi data nu mangrupa dokumén, saperti foto, *video*, surat, jeung sajabana pikeun ngadeudeulan panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) macaan buku-buku sumber ngeunaan folklor, penca silat, pendidikan karakter, jeung buku pangdeudeul séjénna pikeun bahan acuan;
- 2) obsérvasi ka lapangan;
- 3) wawancara ka narasumbér;
- 4) ngumpulkeun data;
- 5) konsultasi jeung dosén pangaping.

3.7 Téhnik Analisis Data

Sakabéh data tina hasil obsérvasi jeung wawancara satuluyna dikumpulkeun sarta dipasing-pasing pikeun kapentingan panalungtikan. Data nu dianggap ngarojong satuluyna dianalisis dumasar métode panalungtikan nu digunakeun. Kegiatana nu dilaksanakeun dina nganalisis data ngawengku:

- 1) mariksa jeung ngaidéntifikasi data nu geus kakumpulkeun;
- 2) nganalisis data;
- 3) nyieun kacindekan analisis;
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.